



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Novanm 2019

Chè fanmi,

Nan Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) priyorite nou se kenbe elèv yo ansekirite ak ansante pou yo ka angaje nan aprantisaj chak jou nan lekòl. Jodi a, nou ekri w pou ba w yon mizajou ki enpòtan konsènan travay agresif DOE pou rezoud pwoblèm plon ki nan enstalasyon nan lekòl vil la.

Gadyen yo gen yon wòl enpòtan nan kominote lekòl nou yo epi yo nan lekòl nou yo chak jou. Yo toujou fè enspeksyon ak je yo pou yo sipèvizite penti ki dekale epi ete sa a yo ye fè yon lòt seri enspeksyon pou yo ka pibliye rezilta yo fòmèlman. Depi premye jou lekòl la ane sa a, nou te enspekte ak rezoud avèk siksè tout penti dekale nou te jwenn nan salklas k ap sèvi timoun ki poko gen laj sis lane otòn sa a, nou te fè tout reparasyon ki nesèsè nan penti ki dekale yo.

Nou te kòmanse tou travay nou nan kafeterya ak bibliyotèk yo byen bonè otòn sa a epi nou te remete espas sa yo nòmal, jan sa te nesèsè. Mete nòmal se yon pwosesis EPA- ak depatman sante vil Nouyòk apwouve kote yo retire, bouche ak repentire penti ki nan move eta. Sa kenbe espas yo ansekirite pou jèn timoun yo, piske nou kouvri kote ki afekte sou miray la epi yo pa ka ale ladan. Reparasyon an se yon siksè lè echantiyon poud yo konfime rsal la gen sekirite pou pi lontan.

Nou te toujou konsantre sou kote elèv yo pase pifò tan yo men nou angaje pou ranfòse pwotokòl nou yo epi nou elaji travay nou nan espas ki kouran yo. Apati mwa pwochen, n ap ogmante enspeksyon yo pou vin gen ladan twalèt, jym ak oditoryòm yo.

Malgre yo te entèdi penti ki te gen plon nan Vil Nouyòk nan ane 1960, nou pran prekosyon anplis epi nou tcheke nenpòt bilding yo te bati 25 ane apre entèdiksyon sa a. Timoun ki poko gen laj twa ane gen plis chans pou yo ekspoze avèk efè plon an sou sante yo, epi timoun ki poko gen laj sis ane gen plis ris pase timoun ki pi gran.

Pwotokòl nou an pou bay repons kenbe timoun yo ansekirite epi pandan ane a, DOE ogmante sipèvizyon ak transparans nan travay sa a. Gen yon bazdone santral ki disponib sou entènèt. Estaf ak paran ka rapòte nenpòt penti ki nan move eta atravè yon zouti sou entènèt ki la 24 sou 24 nan schools.nyc.gov/lead-based-paint.

Tanpri pa ezite kontakte PaintTesting@schools.nyc.gov si w gen kesyon sou efò n ap fè pou rezous pwoblèm plon an.

Avèk senserite,

Office of the COO